

## **Kijan pou kontakte yon Espesyalis nan zafè Vyolans Domestik (DVS)?**

### **Chak Biwo Wèlfè (Biwo Asistans Tranzitwa) genyen yon Espesyalis sou Vyolans Domestik:**

#### **Rejyon Sidès**

Koodinatè	(508) 895-7163
Brockton	(508) 895-7163
Fall River	(508) 646-6299
Centralized Fall River	(508) 646-6299
Hyannis	(508) 862-6614
New Bedford	(508) 961-2013
Plymouth	(508) 884-5354
Taunton	(508) 884-5354

#### **Rejyon Metwopoliten Boston**

Koodinatè	(617) 551-1724
Dudley Square	(617) 989-6142
Malden	(781) 388-7394
New Market	(617) 989-2205

#### **Rejyon Nòdès ak Sant**

Koodinatè	(978) 725-7155
Chelsea Center	(617) 551-1724
Fitchburg	(508) 767-3115
Framingham	(508) 661-6627
Lawrence	(978) 725-7155
Lowell	(978) 446-2414
North Shore	(978) 825-7448
Worcester	(508) 767-3115

#### **Rejyon Wès Region**

Koodinatè	(413) 858-1155
Greenfield	(413) 772-3456
Holyoke	(413) 552-5420
Liberty St. Springfield	(413) 858-1155
Pittsfield	(413) 858-1155
Southbridge	(508) 765-2426
State St. Springfield	(413) 858-1308

### **Pou Enfòmasyon Jeneral sou Inite Vyolans Domestik, rele**

Depatman Asistans Tranzitwa nan  
(617) 348-8500

Aprè lè biwo rele SAFELINK

1-(877)785-2020

Vizite sit entènèt nou an [www.mass.gov/dta](http://www.mass.gov/dta)

# **Inite Vyolans Domesti**

**Tout moun Genyen Dwa pou yo santi yo an sékirité!!**

**Eske ou an Sékirité?**



Si nou nan, oubyen nou te janm, nan yon relasyon kote yo te konn, oubyen kote yap, abize ou menm ak pitit ou, menase nou, oubyen fè nou pè, Depatman Asistans Tranzitwa (DTA) a ka ede nou. Chak biwo DTA genyen anplwaye ki genyen eksperyans nan domèn Vyolans Domestik. Mande pou espesyalis Vyolans Domestik (DVS) yo nan biwo rejyonal ou a.

***Ou menm ak Pitit ou Merite pou nou an Sekirite!***

*Commonwealth of Massachusetts*

## Lis Avètisman

### Eske Patnè ou...

1. Eseye kontwole lavi ou?
2. Kontwole lajan?
3. Pa pèmèt ou travay, oubyen kraze efò wap fè pou travay oubyen ale lekòl?
4. Swiv ou, oubyen anpeche ou soti pou kont ou?
5. Akize ke wap twonpel, oubyen fè jalouzi avèk konpòtman otoritè?
6. Kontwole tan ou?
7. Izole ou de zanmi ak fanmi?
8. Rabese ou, oubyen ba ou non?
9. Imilye ou an piblik?
10. Fòse ou fè sa ou pa vle fè?
11. Kondwi avèk enpridans lè ou nan machin nan?
12. Menase pou fè ou mal oubyen touye ou?
13. Sezi medikaman ou bezwen?
14. Itilize vyolans kont ou avèk pitit ou?
15. Fè ou kouche avèk li lè ou pa vle?

Si ou reponn wi ak kèk oubyen tout keksyon sa yo, ou ka nan yon relasyon abizif.

## Kisa Vyolans Domestik ye?

Yo pa oblije atake ou fizikman pou ou twouve ou nan relasyon abizif. Abi ka vèbal, emosyonèl, finansyè, fizik avèk/oubyen seksyèl. Yo souvan defini Vyolans Domestik tankou itilizasyon pouvwa (vèbal, emosyonèl, fizik oubyen seksyèl) pou kontwole yon relasyon.

### Abi Finansyè se:

Kenbe enfòmasyon epi kontwole desizyon ki genyen rapò avèk lajan.

- Pa peye bil (lwaye), sa ki ka fè yo mete ou deyò.
- Pa ede peye lòt depans fanmi an.
- Pa pèmèt ou travay.
- Fè konplo pou ou pa reyisi nan efò pou travay avèk edikasyon (lè li pa kopere tankou lè li refize gade timoun yo, transpò oubyen lè li asele ou nan travay).
- Ede ou finansyèman sèlman si ou fè sa li di ou fè.

Pran desizyon pou kite epi pou an sekirite souvan genyen pou rezilta pèt sipò finansyè ansanm avèk kay pou rete. DVS la pou ede ou.

## Kijan Espesyalis Vyolans Domestik la (DVS) ka Ede

Espesyalis Vyolans Domestik yo:

Genyen eksperyans travay avèk viktim vyolans domestik epi yo konnen ke abi se pa fòt viktim yo.

Yap koute ou epi ede ou jwen ki jan pou franchi an sekirite etap ou pare pou pran an.

Konnen resous kominote a epi yap ede ou jwen yo.

Ap ede ou jwen yon kote sekirite pou rete avèk pitit ou si se sa ou bezwen.

Ka ede ou fè plan epi ede ou franchi etap pou jwen endepandans ekonomik oubyen estabilite finansyè.

Kapab reponn keksyon ou konsènan sekirite, opsyon ak resous, ansanm avèk pansyon alimantè pou timoun. Yo kapab ede ou mande plis tan pou konfòme ou a regleman Ed Tranzitwa pou Fanmi avèk timoun depandan (TAFDC), si ou bezwen akòz de abi yo (yo rele sa yon renonsiyasyon Vyolans Domestik (DV)).

Règleman sa yo konprann:

- Pwogram Travay
- Limit nan tan pou benefis lajan
- Cap Fanmi
- Prezans lekòl pou paran ki adolesan yo.
- Kopere avèk pansyon alimantè pou timoun